

Kisa Ou Dwe Fè Si Ou Gen COVID-19

APRANN KI JAN POU W PRAN SWEN TÈT OU AK LÒT MOUN LAKAY OU.

Kisa Sentòm Covid-19 Yo Ye?

- Yo te rapòte yon gwo varyete sentòm, ki soti nan lejè pou rive nan grav. Gen kèk moun ki pa gen okenn sentòm.
- Sentòm ki pi komen yo enkli lafyèw oswa frison, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa sant, gòj fè mal, konjesyon oswa nen kap koule, kè plen oswa vomisman, ak dyare.



Kiyès Ki Gen Plis Risk Pou Maladi Grav Akoz Covid-19?

- Pami granmoun yo, risk pou maladi grav ogmante avèk laj, kote granmoun ki pi aje yo anba pi gwo risk.
- Moun nenpòt ki laj ki gen lòt kondisyon sante, tankou:
 - Kansè
 - Maladi ren kwonik
 - COPD (maladi pilmonè obstriksyon kwonik)
 - Sistèm iminitè ki febli akòz transplantasyon ògàn
 - Obezite
 - Pwoblèm kè grav
 - Maladi anemi falsifòm
 - Dyabèt tip 2
- Si ou genyen yon pwoblèm sante ki kache ki ogmante risk pou COVID-19 grav oswa ou genyen 65 ane oswa plis, konsidere rete lakay ou toutotan sa posib pou pwoteje tèt ou.



Kisa Pou Mwen Fè Si Mwen Gen Sentòm Covid-19 Yo?

- **Rete lakay ou!** Pa kite lakay ou sòf pou ou fè tès COVID-19 ak jwenn swen medikal esansyèl oswa jwenn bezwen debaz yo tankou pwovizyon, si yon moun pa kapab jwenn yo pou ou. Pa ale travay, menm si ou se yon travayè esansyèl.
- **Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou a!** Itilize telefòn oswa telemedsin lè sa posib.
- **Fè tès!** Si pwofesyonèl swen sante ou a pa ofri tès, vizite nyc.gov/covidtest oswa **rele 311** pou jwenn yon sit tès tou pre ou. Anpil sit ofri tès gratis.
- **Rele 911 nan ka ijans!** Si w gen difikilte pou respire, doulè oswa presyon nan pwatrin ou, ou twouble oswa ou pa kapab rete je klè, po bouch oswa figi w ble oswa ou gen nenpòt lòt pwoblèm ijan, **rele 911** touswit.
- **Si w oblije kite lakay ou:**
 - Evite kote ki gen foul.
 - Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
 - Mete yon kachnen.
 - Lave men w anvan w ale epi sèvi avèk dezenfektan pou men a baz alkòl pandan w deyò.



Si ou gen COVID-19 oswa sentòm COVID-19 yo epi w ap viv avèk lòt moun:

- Mete distans fizik:
 - Pa resevwa moun.
 - Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo. Rete nan yon chanm apa si sa posib.
 - Dòmi tèt ak ke si w nan menm kabann ak yon moun, oswa fè yon moun dòmi sou kanape a.
 - Kenbe moun ki malad yo separe de lòt moun, espesyalman sila yo ki gen risk vin gen maladi grav yo.
 - Konsidere rete nan yon Otèl COVID-19, gratis. Vizite nyc.gov/covid19hotel oswa rele **844-692-4692**.
- Kouvri:
 - Mete yon kachnen, espesyalman si ou nan yon distans 6 pye ak lòt moun yo.
 - Lè w ap touse oswa etènye kouvri avèk mouchwa papye oswa bra ou.
- Kenbe tout bagay pwòp:
 - Jete mouchwa papye yo nan poubèl kou w fin sèvi avèk yo.
 - Lave men w souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn, sitou lè w fin touse oswa etènye.
 - Sèvi avèk dezenfektan pou men a baz alkòl si w pa kapab lave men w.
 - Netwaye souvan sifas ou manyen yo tankou manch pòt, bouton limyè, manch wobinè, telefòn, ak telekòmman.
 - Lave sèvyèt, dra, ak rad nan dlo ki lepli cho posib la avèk detèjan w abitye itilize a epi seche yo nèt.
 - Pa pataje manje oswa istansil ak lòt moun epi lave yo chak fwa w fin sèvi avèk yo.



Kilè Mwen Kapab Kite Lakay Mwen Apre Maladi Mwen An?

Si w te malad, rete lakay ou jiskaske:

- Sa te fè omwen 10 jou depi sentòm ou yo te kòmanse
- Ou pa gen lafyèv pou 24 èdtan anvan yo san ou pa pran medikaman pou diminye lafyèv
- Maladi ou a te amelyore globalman

Si ou te teste pozitif pou COVID-19 nan yon tès dyagnostik (viris) aplikatè oswa saliv men ou pa te janm genyen sentòm yo, rete lakay ou pandan 10 jou apati dat yo te fè tès la pou ou a.



OU BEZWEN ÈD?

Si w pa gen yon doktè men w bezwen youn, **rele 844-692-4692**. Vil New York ofri swen, kèlkeswa estati imigrasyon w oswa kapasite w pou w peye.

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19, **rele 311** oswa **ale sou nyc.gov/coronavirus**.